ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№226 (21.634) ● 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Жэрдэмхэр дащтэ

Налшык дэт «Синдикъ» интур-хьэщІэщым щэкІуэгъуэм и 30-м щекІуэкІащ «Кавказ: хабзэхэмрэ зыуэщІыныгъэмрэ» зыфІащащ зэІуищІэшхэр.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩІ Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбийрэ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Шевченкэ Максимрэ я жэрдэмкІэ.

ЗэІуищІэр къыщІэІуаха нэужь, КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** зэхуэсахэм фІэхъыс псальэмкІэ захуигъэзащ.

- Нобэ къыхэфІэхьа Іуэхугъуэхэмрэ фызытепсэльыхьыныхэмрэ Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэхэмэ, зэрыщыту къэралми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ. Сыту жыпІэмэ, Кавказ Ищхьэрэм и нобэрей щытыкІэр куууэ зэпэщэчыным, джыным, лъэныкъуэ куэд къыщыхэкІыныбзэу зэпкърыхыным ар сэбэныщхьуэ хуэхъунущ. Мыпхуэдэу зэкъуэкъуэкІэ зэгурыІуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я лъабжьэр къыззыгъэпэщ жэрдэм дахэщІ, нэгъуэщІ щІыпІэхэми абы зэрыщыпащэнум шэч къытесхьэркъым,- къыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен. - Кавказым ижьыжьыж лъандэрэ хабзэфІ куэд къыщокІуэкІ. Ахэр тхъумэн, къэрал, жылагъуэ институтхэр къэдгъэсэбэнуэ, а псор ди зыужьыныгъэм хуэдгъэпэжьэн хуэеІщ.

Апхуэдэу **Щхьэгуэш Адэлбийрэ Шевченкэ Максимрэ** зэІущІэм и къалэн нэхъыщхьэм кІэщІу кьыгетыуващ. Къыззэхуэсахэр нужьыкІэ сенэхэм щыІэжьащ. Абыхэм зэпкърахащ Урысей Федерацэм Кавказым теухуа и политикэм и стратегиер кьыззэгъэпэщ Іуэхугъуэх. Апхуэдэщ щІалэгъуэмэ политикэр, хьэрычэтыщІэ Іуэхур, егъэджэныгъэр, унагъуэмрэ зэныбжьагъэ хуэмынэмрэ, дин, лъэпкъ зэхущытыкІэхэр хьыбарегъащІэ ІуэныкъуэмкІэ ныкъэзрагъэлъагъэр, коммерцэу щымыт организацэхэмрэ муниципальнэ егъэджэныгъэмрэ.

ЗэІуищІэм кърикІуар шэджагъуэ нэужьым зэхаухьэжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Пшыхьэр

ЩІыхьым и шууей

Ди газетым зэрытетащи, щэкІуэгъуэм и 26 - 27 махуэхэм ди республикэм Іэтауэ щагъэлэпІащ Къэбэрдей-Балъкъарым и щІыхьэ уэсакІуэ, УФ-м, КЪБР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лжьыигъэм и ЛІыхьужь КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур.

АПХУЭДЭмахуэшхэм и щІыхькІэ Музыкэмкіэ Налшык дэт театрым щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьыхьэм хэтащ республикэ унафэщІхэр, жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакІуэхэр, щІэныгъэегъэджэныгъэ Іэнатіэр езыхьэкІэхэмрэ абыхэм я гъэсэн ныбжьыщІэхэмрэ, Урысейм, Кавказ Ищхьэрэм щыІэ щІыналъэхэм я къикІа хьэщІэ куэд, усакІуэ-тхакІуэ, цІэрыІуэм и творчествэм щхьэхуэмрэ абы и ныкъыкъымрэ. Абы и пэ къикуэу къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ КІыщокъуэ Алим и фэеплъу Налшык къала администрацэм и гупэм щыт утым.

Пшыхьэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан**.

- Лъэпкъ щэнхабзэмкІэ литературэмрэ я узэщІакІуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, тхакІуэ икІи усакІуэ КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур зыгъэлъапІэ зэхэхуэгъуэхэм дэ къыткъуеблэгъащ Урысейм и лъэпкъыбэ унагъуэшхуэм щыщ лІыкІуэхэри, - жиІащ щыщІу гуфІэгъуэ зэщыхуигъэзэм. - Дыгъэрыгушхуэ ди лъэпкъэгъуэм, цІыхубз усакІуэм абыхэми пщІэшхуэ зэрыхуащІыр, фІыуэ зэрыпагъур, и творческэ щІэныр зэрагъэлъапІэр нэрыпльагъу кІащІу.

Москва, Ставрополь, Мейкъуапэ, Черкесск, Владикавказ щыщІу гуфІэгъуэ зэхьыхьэм ЩІыхьым и щІэныгъэ къызэхуэсахэм яригъэлъыхуа нэужь, Фырэ Руслан япэ псальэр КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**иратащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)



Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ІэщІагъэлІ пашэкІэ зыщыгугъхэр

● Гулъытэ

КЪБР-м и Президентым и Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм щэкІуэгъуэм и 26-м щалуащІащ нэхъыфІу елъэу студентхэмрэ аспирантхэмрэ.

КъБР-м и Президентым и стипендиер зыхуэхъэщща щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ сертификатхэр яритыжри, щІэныгъэм зи гур хуэзІуэ студентхэр и гуапэу къыззыригъэблэгъар жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

- ЩІэныгъэм и лъагапІэм нэсын папщІэ жыджэрагъ ин къызэкъуэзыхэзрщІ нобэ къызэхуэсахэр, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - ЩІалэгъуэр - ар ІуэхугъуэщІэхэр къыщыззІуах, нэхъ гугъуэхэм щытегушхуэ, хьэуэспапІэхэм еужьэрэкІыу щыхуащІэкІу лъэхъэнэщ. Фэращ къэралыр хьэмэным, зегъэужьыным папщІэ къалэн нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэр, ди нэхъыжьхэм яхуэфащэ гулъытэ ялъысынымкІэ, къытщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъынымкІэ жуэлапльныгъэ зыхьыр.

Къыхэзгъэщыну сыхуэейщ екъуІэныгъэ нэхъыбэ зиІэ, нэхъ зэпэуфыда Іэщагъэлі1эхэр диплом къудей зиІэхэр зэрырымрар. АтІэ нэхъыфІэхэм уахабжэн папщІэ пэжыгъэр къыпхуэзгъэпэщу, жылагъуэ Іуэхуэхэм я пІалъэ пщІэуэ, зи Іэнатіэр зыхуэхьэльэн щІыхуэхэр зэбгъэуІуфу, кІыхьэрыгуэкІыу щымыт Іэмалхэр лэжьыгъэм хэппщэфу, гупсысэщІэхэр пхыбгъэкІыфу щытыпхъэщ. Апхуэдэ хьалхэр зыхъэть щІалэгъуалэ диІэн папщІэ, КЪБР-м иІэщ -2007 - 2011 гъэхэм экономикэм папщІэ Іэщагъэлі1эхэр гъэхьэзырын- зыуэ щыт республикэ программэр. Ар хуэгъэпсащ зи Іэщагъэм куууэ хэзыщІыкІ, иджырей зэманым декІу лэжьакІуэщхуэхэр къытщІэувэным.

2008 гъэм ди студентхэм ящыщ гуп Великобританиеми, Франджым еджакІуэ дгъэкІуащ. Апхуэдэуи Іэнатіэ пэрыт щІалэгъуалэм жьыгъэм и пІалъэ щызэрагъэщІащ Сингапурым, Гонконгым, Германием, Швейцариеми, Франджым. Республикэм къыщызыдогъэпэщ политикэм, экономикэм, спортым, щэнхабзэм ехьэлІа фи мурадыщІэхэмрэ гупсысэ кІуэхэмрэ зэрыпхъыхьыжьхэм Іэмалхэр.

Сэ шэч кІыстехьэрхьым иджырей щІалэгъуалэм гъащІэм хуаІэ епльыкІэр, хэкупсэ гупсысэм зэрыхэхэнэжьыр, нэхъыжьхьэм щапхъэ зэрыграхыр КЪБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я зэІуэзэпэщыныгъэм, зыужьыныгъэм и джэлэсу зэрыщытым. Си фІэщ мэхъу фэ фыщыщ дэтхэнэ зыри жылагъуэм я дежкІэ пщІэ щызыІэ щІыхь пэжу кьыззэрытхэувэнур.

Апхуэдэ псалъэхэм я нужьыкІэ Къанокъуэ Арсен сертификатхэр яритыжащ КъБКъУ-м и студентхэу Бесланэй Замирэ, Хьэмгъуокъу Мадинэ, Кьардэн Мусльмэт, Жетишев Рустам, Вэрокъуэ Астемыр, ЛІуп Иринэ, Хосаев Джамал, КъБКъМА-м щеджакъэу Ашэбокъуэ Адисэ, Азнаевэ Юлие, Балтыкъэр Аминэ, Безыр Асльэн, ДыгъужькІэ Исльам, Къумыкъу Лейлэ сымэ, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щІэс Курановэ Екатеринэ, УФ-м и МВД-м и университетым Краснодар дэтым Палшык щиІэ и кьудамэм и еджакІуэхэу Іэпщэ Иринэрэ Жылэхьэж Элинэрэ, УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэу АфІэунэ Фаридэ (МКъУ), Гылыевэ Радимэ (МКъУ), Иуан Руслан (Плехановым и цІэкІэ щыІэ Экономикэмкіэ Урысей академие), Нэхэр Феликс (Бэ щІэныхьэхэмкІэ Пятигорск дэт къэрал университет).

КъБКъУ-мрэ КъБКъМА-мрэ я аспирантхэу КъБР-м и Президентым и стипендиер хуагъэфащащ АфІэунэ Руэаннэ, Батыр Заурбэч, Джатэгъажь Фадис, Жылэтеж Мадинэ, Кьалмыкъ Марьянэ, Ларионовэ Юлие, Щауэ Залинэ, Шышш Бесльан, Болэ Анзор, УнащІэ Албэч сымэ.

Президентым кьахуищІ гулъытэмкІэ арэзыуэ, ящ жэуапльныгъэм и инагьыр зэрызыхащІэр кьыхущ, и еГъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІу зэІущІэм кьыщцыпсэльащ Жетишев Рустам, Ашэбокъуэ Адисэ, Іэпщэ Иринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**І Меркулов Александр**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Жамбор Владимир**, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** сымэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Телемеханика» ОАО-м иджырей технологиехэр къыщагъэсэбэп

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уянаев Казым зи пашэ лІыкІуэхэр хэтащ Транспортымкіэ министерствэ Урысейм къыззрыщыізэрагъэпэщэ илъэс 200 зэрырикъум ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІа «Урысейм и транспортыр: зэрызэтеувар, зэрызэпуэкІар, адэкІэ зэрыкІэужьынур» дунейпсо зэІущІэхуэм. КъБР-м и цІэкІэ абы кІуэкІа республикэм транспортымкіэ, связьымкіэ, къуэдзэ хозяйствэмкіэ и министр Сунщ Ануарбийрэ «Телемеханика» ОАО-м и генеральнэ директор Кьер Аслъэнэ.

МОСКВА и Манежым транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэ яхэхькІыу щызэхуэсахэм хьуэхьуІпсальэмкІэ зыхуагъэзащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Нарышкин Сергейрэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Иванов Сергейрэ. Транспорт Іэнатіэм иджыпсту и щытыкІэмрэ абы зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ я тепсэльыхьэ, докладэ ищІащ УФ-м транспортымкІэ и министр Левитин Игорь.

Уянаев Казым зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэм щыІэ республикэхэм ящыщу Ипщэ федеральнэ округым и цІыкІэ щыІ, «Зэхуэсышхуэм кьрихьэлІаэм дэ ди республикэм и щытыкІэм, транспортымрэ гъэзу хозяйствэмрэ я Іэжьакіуэхэм я ехьулІэныгъэкІэ теухуа фильм едгъэлъэгъащ. Апхуэдэу мы зэІущІэм хиубыдэу къызэрагъэпэща «Урысейм и транспорт» выставкэм утыку кьыщитхьащ «КъБР-м и «Волжанин», «Телемеханика» заводхэм я зэрэфІэкІыр. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэр кьыдэІэпыкьуу ягъэхьащэ экспозицэр епльаэхэм ящыщу транспортым и инфраструктурэм нэхъ зыщыужьыхьэхэм, докладэ ищІащ УФ-м транспортымкІэ и министр Левитин Игорь.

Уянаев Казым зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэм щыІэ республикэхэм ящыщу Ипщэ федеральнэ округым и цІыкІэ я зэхуэсышхуэм хэтар Къбэрдей-Балъкъэрым и закьуэ, «Зэхуэсышхуэм кьрихьэлІаэм дэ ди республикэм и щытыкІэм, транспортымрэ гъэзу хозяйствэмрэ я Іэжьакіуэхэм я ехьулІэныгъэкІэ теухуа фильм едгъэлъэгъащ. Апхуэдэу мы зэІущІэм хиубыдэу къызэрагъэпэща «Урысейм и транспорт» выставкэм утыку кьыщитхьащ «КъБР-м и «Волжанин», «Телемеханика» заводхэм я зэрэфІэкІыр. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэр кьыдэІэпыкьуу ягъэхьащэ экспозицэр епльаэхэм ящыщу транспортым и инфраструктурэм нэхъ зыщыужьыхьэхэм, Кисловодск-Нартгэнэауэ-Псыхуэцкъэ автомобиль гъэзур яукъуэдиинущ».

Гъэльэгъуэныгъэм кьрихьэлІаэр 2008 гъэ льандэрэ «Волжанин» автобусхэр щыІэпкъральхьэ ди заводымрэ «Ростехнологие» кьэрал корпорацэм хиубыдэ «Телемеханика» ОАО-мрэ я Іэжьакіэр кьыззэрязэрагъэпэщым щІэупщІащ. ДызэрыщыІуэзэщи, гъэзуръэм тэмэму щызэкІуэнкІэ кьыззэзыгъэпэщ Іэмэпсымэхэр кьыщІэгъэзэкІынымкІэ «Телемеханика» заводым кьэралым щыпашэу ильэс кІуэдкІэ екІуэкІащ. Иужь зэманым абы нэрылъагъуу иригъэфІэкІуэ гъэзуръэм кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэу кьыщигъэкІэр. Мы заводым и закьуэу зыгъэнэху диодхэр зэрыль ирыжьрей светофорхэр зыщІыр.

Аэрэ ягъэхьэзыр Урысей Федерацэм и ГИБДД-м щыпхагъэкІа техникэ мардэхэм кьытасу. Предприятэм и продукцэр «XXI лІэщІыгъуэм и технологие лъагэхэр» выставкэм щагъэлъэгъуащ икІи аэрэр нэхьыфІ ыцІэхэм ящыщу ІэщІагъэлІхэм кьалытащ.

Республикэм и нужьрей екъуІэныгъэхэм ящыщ, жиІащ Уянаев Казым, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыкъуэдия кІапсэ гъуэгуэхэри. Ди экспозицэм епльаэхэм ящыщ куэдым кьыхахьэщащ республикэм и зыгъэпсэхупІэхэм, зэфІэкІышхуэ зэраІэр. Абыхэм тельыджэ кьащцыхьуащ ди щІыналъэм и дахагъэр, и зэфІэкІкІэ республикэр Европэм щыцІэрыІуэ курортхэм кьаззэрыкІэрымыхур икІи мыбы зыгъэпсэхуакІуэ кьэкІуапхьэу зэрыщытыр кьыхагъащ.

КъБР-м и Президентым пщэрыльэ зэрыщищІам тету, ди лІыкІуэхэм и унафэщІым министерствэм и ныпыр, Іуащхьэмахуэ и щыгум орахьеяуэ щытар, Левитин Игорь иритащ. Нэхъ япэІуэкІэ транспортым и лэжьакІуэ гуп Іуащхьэмахуэ дэкІащ Урысейм транспортымкІэ и ведомствэ къызэрыщІэзэрагъэпэщр илъэс 200, республикэм и Іуэуэу-транспорт Іэнатіэр зэрызэтеувэрэ илъэс 80 зэрырикъум я щыкьІэ. УФ-м Транспортымкіэ и министерствэм и дамыгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэр Іуащхьэмахуэ и щыгум нахьэсащ Транспортым и Іэнатіэм кІэльыплъыныжьмкІэ федеральнэ кьулыкьущІапІэм и унафэщІ и кьуэдзэ Жуков Андрей, Транспортым и Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ федеральнэ кьулыкьущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Ахьуэхьу Асльэн, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Пассажир автотранспортымкІэ Іуащхьэмахуэ районым и зэгухьэныгъэ» муниципальнэ предприятэ зэгухьэм и унафэщІ Темукуев Абдул-Хьэсим сымэ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Чикагэ щекІуэкІа дунейпсо конференцым къыщопсальэ

Урысей Федерацэм США-м къыщыізэригъэпэща Лъэпкъ гъэльэгъуэныгъэр егъэкІуэкІныжьмкІэ программэм хиубыдэу щэкІуэгъуэм и 18 - 20-хэм Чикагэ къалэм щызэхэтащ «Урысей - США. ЗэпыщІэныгъэхэр щІэуэ зэтеуухуэжьныр» дунейпсо конференц. «Кавказым щыщу Урысейм хиубыдэм граждан жылагъуэ щыізэтегъэувэнымкІэ бгырысхэм кьадекІуэкІ хабзэхэр кьызэрагъэсэбэпыр» докладыр а зэхьыхьэшхэм щищІащ ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Зумакулов Борис.

Конференцым кьрихьэлІаэм хьуэхьу псальэхэмкІэ зыхуагъэзащ Урысей Федерацэм промышленностьр сатумкІэ и министрым и кьуэдзэ Матеров Иван, Чикагэ кьалэм и Іэтащхьэ Дейл Ричард, УФ-м и лІыкІуэу США-м щыІэ Кисляк Сергей сымэ.

Ди къэралым и лІыкІуэхэм хэтхэр Чикагэ и мэрием щрагъэблэгъащ.

Конференцым къыщапсэльаэр урысыбзэрэ инджылызыбзэкІэ кьыртрадзэнущ.

Гондурасым хэхьыныгъэ щокІуэкІ

Вэсэмахуэ Гондурасым щекІуэкІащ президент хэхьыныгъэхэр.

А махуэм мы къэралым щыхахащ Конгрессым и депутатхэр щыІэпІэ властхэм я Іэтащхьэхэри. Хэхьыныгъэхэм ящыщІэ Іэ Іэтым хэтын хуеи щІыхуэхэм я процент 55-р.

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, мы гъэм и мэкъуаугъэм Гондурасым и президент Мануэл Селайа и кьулыкьум тридзри, пІалъэкІэ властыр ІэщІалъхьат правительствэм и унафэщІ Робертэ Мичелетти. Иджырей хэхьныгъэхэм а тІыри хэтакъым.

ЖьІэгъуейщ Іэ Іэтыр хабзэ гуэрым кьитІасэу екІуэкІауэ: а махуэм Гондурасым и полицэм зэбгриихуащ щІыпІэ куэдым щекІуэкІа пэкІуэр. Къэралыр зэпэщІэува льэныкьуитІу зэрогуэш.

Аэзн джапІэхэм хуей?

Швейцарием щекІуэкІа референдумыр теухуат а къэралым аэзн джапІэ щаухуэнымкІ щыхуэзэр зэрыхуущытыр нАІуэ къащІыным.

Къэралым аэзн джапІэ щаухуэу ядакъым референдумым хэтахэм я процент 57-м. Абыкіэ арэзы хъуар куей 26-м щыщу 4 ядуейракІ.

Дауи, Швейцарием щыпсэу мусльымэнхэм ар ягу ирихьакъым. Абыхэм пэкІуэр ирагъэкІуэкІ.

Нобэкіэ Швейцариеми щопсэу мусльымэну мин 300 хуэдиз. Нэхьыбэрэ ахэр къэкІуэ Іуащхьэмахуэ Боснием, Косовэ, Тыркум.

◆ Румыниеи и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1918 гъэм Трансильваниемрэ Румыниемрэ зэгухьэри иджырей къэралыгъуэр къэунэхуащ.

◆ Африкэ Курыт Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1958 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

◆Илъэс 50 и пэкІэ (1959) Вашингтон Іэ щыщІадзащ Антарктикэр мамыру къызэдгъэсэбэпынымкІэ зэгурыІуэныгъэм.

◆ Дыгъэгъазэм и 1 - 2-хэм Афинхэм (Алыдж) щызэІущІэнущ ОБСЕ-м хэт къэралхэм я парламент я министрхэр.

◆ Дыгъэгъазэм и 1 - 2-хэм Венэ (Австрие) щызэхэтынущ Наркотикхэмкіэ комиссэм и 52-нэ сессие.

◆Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 19-м, къуэкъжьнущ сыхьэти 16-рэ дакьикъэ 31-м

◆Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 12-рэ.

Планэтэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зариф.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

ФІэщхъуныгъэ хущхъуэгъуэ хэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м кьищта Унафэ №160-П-П - №166-П-П-хэр къутэжьным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къутэжьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м кьищта унафэхэу:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Бахъсэн Ипщэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №160-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Бабугент кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №161-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Безенги кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №162-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Ельбрус кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №163-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Шэджэм Ипщэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №164-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Шэджэм Ипщэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №165-П-П-р;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым Шэджэм Ипщэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэр хьуэжьным ехьэлІауэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащ» №166-П-П-р.

2. Мы Унафэм и пункт 1-м къыщыІгъэлъэгъуа законопроектэхэм кьытригъэзэжу хэлъхьэн папщІэ хуегъэхьын муниципальнэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр хьуэжьным хуэунэтІа законкэр кьэщтэныжьмкІэ жэрдэмхэмкІэ зэгурыІуэныгъэ комиссэм.

3. Муниципальнэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр хьуэжьным хуэгъэза законопроектэхэм щыхэлъэныр гъэмахуэ хъупІэхэм хиубыдэ щІыкІэр кьызэрагъэсэбэп щІыкІэр законкІэ щагъэбелджылам и ужькІэу гъэувын.

4. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и президентым хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м
№200-П-П-І

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэм хабзэхэм щемыбэкъуэн папщІэ

Республикэм законхэр кьыдгъэзыгъкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

ПРЕЗИДИУМЫМ хэтхэр тепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэхэм щемыбэкъуэным хуэунэтІа Іуэхуэхэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Бэшэр Хьэмид** зэрыжиІамкІэ, мы документыр ягъэхьэзыращ законым зэрытетыр, хабзэхэр зэрагъэзащІэр ирагъэфІэкІуэн, жылагъуэ щынагъэншагъэр къызэрагъэпэщын мурадкІэ.

Парламентым и комитетхэм я унафэщІхэу **Несутулов Виктор, Дадэ МуІэед, Жанатаев Сэлим** сымэ къапсэльаэм едгъэуэри, адэкІэ парламентаэр хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхуэкІныгъэхэр хэлъхьэным. Ахэр ягъэхьэзыращ Урысей Федерацэм и законодательствэм зэхъуэкІныгъэхэр зэригъэтам щхьэкІэ республикэм и законхэр федеральнэ мардэхэм ирагъэзэгъыжьын зэрыхуейм кьыхэхьІыу.

Апхуэдэу парламентархэр тепсэльыхьащ Урысей Федерацэм и субъектхэм законхэр кьыдгъэзыгъэкІ я органхэм кьыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и унафэкІэ кьащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым Іуэлъпащ Алёшэ Амырхан и кьуэм - «Къэббалъкъремстройэ» ОАО-м и генеральнэ директорым, Тезадэ Артур Мацэ и кьуэм - «Бите» ООО фирмэм и унафэщым фІыщІэ зэрахущІы.

Лжьыигъэ Іуэхукіэ екъуэу къызэрытам кърикІуаэр депутатхэм яжриІэжащ КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іуэхукіэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Хъэпсэгъуэкъ Татьянэ**. Абы кьиІуэтэжащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм и ещанэ зэхъыхьэгъэным хэтынуэр къэзгъэзэгъэным теухуауэ Ипщэ федеральнэ округым хиубыдэ щІыналъэ зэхуэкІныгъэхэм зэрыпхуэзгъэгъэкІ я органхэм кьыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм.

Президиумым и зэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэхэми щыхэпльащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапі1э.

● ЩІэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уянаев Казым зи пашэ лІыкІуэхэр хэтащ Транспортымкіэ министерствэ Урысейм къыззрыщыізэрагъэпэщэ илъэс 200 зэрырикъум ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІа «Урысейм и транспортыр: зэрызэтеувар, зэрызэпуэкІар, адэкІэ зэрыкІэужьынур» дунейпсо зэІущІэхуэм. КъБР-м и цІэкІэ абы кІуэкІа республикэм транспортымкіэ, связьымкіэ, къуэдзэ хозяйствэмкіэ и министр Сунщ Ануарбийрэ «Телемеханика» ОАО-м и генеральнэ директор Кьер Аслъэнэ.

ЗэфІэкІыр. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэр кьыдэІэпыкьуу ягъэхьащэ экспозицэр епльаэхэм ящыщу. КъБР-р Урысейм и щыналъэхэм ящыщу транспортым и инфраструктурэм нэхъ зыщыужьыхьэхэм, докладэ ищІащ УФ-м транспортымкІэ и министр Левитин Игорь.

Уянаев Казым зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэм щыІэ республикэхэм ящыщу Ипщэ федеральнэ округым и цІыкІэ я зэхуэсышхуэм хэтар Къбэрдей-Балъкъэрым и закьуэ, «Зэхуэсышхуэм кьрихьэлІаэм дэ ди республикэм и щытыкІэм, транспортымрэ гъэзу хозяйствэмрэ я Іэжьакіуэхэм я ехьулІэныгъэкІэ теухуа фильм едгъэлъэгъащ. Апхуэдэу мы зэІущІэм хиубыдэу къызэрагъэпэща «Урысейм и транспорт» выставкэм утыку кьыщитхьащ «КъБР-м и «Волжанин», «Телемеханика» заводхэм я зэрэфІэкІыр. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэр кьыдэІэпыкьуу ягъэхьащэ экспозицэр епльаэхэм ящыщу транспортым и инфраструктурэм нэхъ зыщыужьыхьэхэм, докладэ ищІащ УФ-м транспортымкІэ и министр Левитин Игорь.

Ахэр ягъэхьэзыр Урысей Федерацэм и ГИБДД-м щыпхагъэкІа техникэ мардэхэм кьытасу. Предприятэм и продукцэр «XXI лІэщІыгъуэм и технологие лъагэхэр» выставкэм щагъэлъэгъуащ икІи ахэр нэхьыфІ ыцІэхэм ящыщу ІэщІагъэлІхэм кьалытащ.

Республикэм и нужьрей екъуІэныгъэхэм ящыщ, жиІащ Уянаев Казым, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыкъуэдия кІапсэ гъуэгуэхэри. Ди экспозицэм епльаэхэм ящыщ куэдым кьыхахьэщащ республикэм и зыгъэпсэхупІэхэм, зэфІэкІышхуэ зэраІэр. Абыхэм тельыджэ кьащцыхьуащ ди щІыналъэм и дахагъэр, и зэфІэкІкІэ республикэр Европэм щыцІэрыІуэ курортхэм кьаззэрыкІэрымыхур икІи мыбы зыгъэпсэхуакІуэ кьэ



Алим и фэеплъ сыным бгъэдэтщ абы и къуэ Айтэч.

Алим и фэеплъ сын Налшык дэтым деж щытхэщ къаблэ администрацэм и унафэщым и апэ къуэдз Сорокин Виктор, Мэшбащ Iсихьэкъ, Хьэфыщ Iмухьэмэд сымэ.

Къуэзыгуфэ Хьэчим

Щыхьым и шууей

Парларэ Анатолэ

Мэшбащ Iсихьэкъ

КIыщокъуэ Алим и къуэ Александр (Айтэч)

Эфендиев Сэлихь

Куприн Александр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ, пщIэ зыхуэсщI ди хьэщIэхэ! Нобэ ди республикэ жылагъуэр дызыхэт махуэшхуэр къыдалыIэгъыну къытхуеблэгъа псоми КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ къабгъэдэкIыри си щхьэкIи фIэхъус ecхыну, фыкъеблагъэ яжесIэну, ди лъэпкъ гуфIэгъуэр къызэрыдаIэтым папщIэ фIыщIэ яхуэсщIыну хуит сыкъэфщI, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - «КIыщокъуэ Алим» щыжытIэкIэ, дэ и гугъу дощI XX лIэщIыгъуэм и литературэм хэмыгъуэщэжьи лъэужь къыхэзына художникшхуэм, тхыбзэ къэзыIатэгъащIэ лъэпкъым и литературэр лъагаIпэ дэшыным и мызакъуэу, абыкIэ адыгэхэм я бзэ-псэкупсэ щэнхабзэм зезыгъэужьа, нэгъуэщI лъэпкъхэм я художественнэ гупсысэхэмкIэ, псом хуэмыдэу урыс классикэ литературэмкIэ, ар нэхъ бей зыщIа, икIэм-икIэжьым союзпсо, урыс-сейпсо икIи дунейпсо утыку абы езыгъэгъуэта цIыху щэджащэм. УсакIуэм и творческэ, жылагъэ зэфIакIыр ужыдкIэ инт, гъунапкъэщэти, ар хуэзэдIыну Iэмал иIэтэкъым лъэпкъ литературэ гъэпсыкIэми а Iэнатlэм пэрыт Цыхуэхэм я зэхэщIыкIми. Адыгэ литературэм щхьэхуэу и гугъу пщIынымэ, къыхэгъэщIпхъэщ КIыщокъуэм абы унэтIыкIэщIэ зэрыритар, къэзыухъуреихь псом хуиIэ еплъыкIэхэмрэ Iуэхум и пэжыпIэмрэ къэIуэтэным бгъэдыхьэкIэщэ къызэрыхуигъэтар, лъэпкъ литературэм къызэщIыбыдэ унэтIыныгъэхэр идейно-эстетикэ жыпхъэщIэхэм зэрыригъэувар. Адэжь щIыналъэм и гъунапкъэхэр къызэранэкIри абы и усыгъэри прозэри лъэпкъ вуэдым я бзэхэмкIэ утыкуихуэ ихьащ, СССР-у щыта къэралышхуэми хамэ къэралхэми фIыуэ къыщащIэ хъуащ. КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкIэхэр ящIыщI Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказми щIипсэу лъэпкъхэм ятеухуа щIэныгъэ къызыIах тхылъхэм. Урыс тхакIуэшхуэ, КIыщокъуэ Алим и романхэм я зэдзэкIакIуэ Солоухин Владимир ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэм и тхыгъэшхуэхэр лъэныкъуэ кудэ къызэщIиубыдэу, хьэлэмэту зэщIэжьыуэу зэрыщытым теухуауэ мыпхуэдэу жиIэрат: «КъызыхэкIа лъэпкъым и къуэ нэст, абы и тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ фIы дыдэу ищIэти, романым эи гугъу щищI къэхъукъащIэхэр къыхэгуIуатэрэ», Алим унос къыбар зэхуэмыдэ гъэщIэгъуэн кудэми, адыгэхэм я хабзэхэми, цIыхубэм ихьма нэгъуэщI телъыджэхэми дыщIэгъэзэнэ. А псом КIыщокъуэм и Iэдакъэщэкlыр лъэпкъ щIэнгъуаэзм хуэдэу къулей икIи къызэрымыкIуэу хьэлэмэт ещI».

КIыщокъуэ Алим и усыгъэр мамырыгъэм, цIыхухэм ди дунеим зыгъэнымыкъуэхуезыджэ гупсысэхэмкIэ, къэкIуэнум хуэгъэпса гурыгъуэхэмкIэ гъэнщIащ. Алъпым щэсауэ зэманым зэрыщытым теухуауэ мыпхуэдэу жиIэгъат: «КъызыхэкIа лъэпкъым и усакIуэм и фэ ярилпIу цIыкIубэм «ЩIыхьым и шууей» зыфIища КIыщокъуэ Алим апхуэдэ цIэ лей дахэм зэи ёпцIыжакъым. Апхуэдэущ ар я гум къызэринар усакIуэр гъунэгъу зыцIыхуу щытахэми абы и творчествэр фIыуэ зылъагъуэхэми - гъащIэм, литературэм, цIыхубэ дзыхьым хуэпэж, захуагъэм и тельхэ, акъылыр зи чэнджэщагъэу щууей щхьэмыгъаазэ. Пэжым щхьэкIэ, КIыщокъуэм сыти зэрыхуэзфIекIыным и щыхьэт абы и гащIэр зэрыщыту, ауэ ар Iупщ1у нэрылъагъу къыщыхуэр «Нал къута» романым, 115-нэ Къэбэрдей шуудэм и зауэ ёзэгуащIэ къылъэм теухуам, иращIэкIа псалъэмакъэхэм и ужькIэ.

Адэжь Къанокъуэ Арсен тепсалъхьащ адыгэ тхакIуэ-усакIуэ гъуэзэджэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим и щIыхькIэ республикэм щыIэ Iагъэкъ! Iуэхуэсам. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, КIыщокъуэм и Iэдакъэщэкlэхэр ину, тхылъи 6 хъууэ къызэрыдгъэкIыжар, тхакIуэр къызэралъхуэра илъэс 95-рэ щрикъуэм ирихьэлIэу абы и «Лъапсэ» романыр урысыбзэкIэ дунейм къызэрытехьар (зэдзэкIакIуэр Мэремкъуэ Ларисэщ), Налшык и курых уэрамхэм ящщ зым КIыщокъуэм и цIэр зэрыфIащар, къала администрацэм и гупэ утым абы и фэеплъ зэрагъэувар (скульпторыр Тхьэкlумашэ Михаилщ). Президентым къыхигъэщащ КIыщокъуэм и архивыр Москва кърашыжауэ, ар зэгъэзэхуэнымрэ джынымрэ дыдэрыт зэманым щIэныгъэлIхэр зэрелэжьыр, тхакIуэм и узсэткIэ абы и уней тхылъ гъэтIылъыгъэ къулей дыдэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ библиотекэмрэ КъБКъУ-м и библиотекэхэмрэ зэрыратар.

- Цыхубэм фIыуэ ялъэгъуа, къэзырымыкIуэ зэчиифIэ усакIуэм икIи тхакIуэм и фэеплъыр Налшык къыщызэIуахынымрэ республикэм и Къэралыгъуэ махуэшхуэм, ЩIэныгъэм и махуэм зэрытехуар зэрымыщIэкIэ къызэрымыхъуам и мызакъуэу, мыхьэнэшхуэ иIэу къызэлъытэ, - жиIащ ядакIэ Къанокъуэ Арсен. - Ильэс Iэджэ дэкIыжа нэужьи ди лъэхъэнэгъу, шынэхъыжь цIэрыIуэм, Iуэхуфи1кIэ гъэнщIа гъащIэ дахэ къэзыгъащIам и щIэр къэкIуэну щIэблэхэм ящыкIэ мыгъэгъупщэн фэеплъыр къызэIухыныр апхуэдэ махуэшхуэм зэрырихьэлIам сэ хызолъагъуэ а цIыху щэджащэм и дуней тетыкIар, цIыхубэм щIэныгъэ етыным, ахэр псэунымкIэ хуэунэтIыным, гъащIэм и Iофыр зыхащIэу къэгъэхъуным хуэзэфIэкI псори хилъхьэу пщрылъ къыщащI Iэнатlэхэм зэрыпэрытам. КIыщокъуэ Алим и гъащIэ гъэгуанэмрэ республикэм и тхыдэмрэ зэплъытмэ, иджыри зэ къыхэгъэщIупхъэщ къэрал ухуэкIэм, щэнхабзэ-псэкупсэ зыужьыныгъэм, щIэныгъэ-егъэджэнгъэ Iэнатlэхэм гуащIэдэкIышхуэ хэзылъхьа лъэпкъым щэджащэу тхыдэм зи цIэр ихьумахэм, цIыхубэ щхьэхуитыныгъэм щIэбэну Хэку зауэшхэм хэтахэм КIыщокъуэр зэращIащIыр. И акъыл гъэпсыкIэкIи и дуней тетыкIэкIи уэзщIакIуэ икIи гъэсакIуэ нэс КIыщокъуэ Алим и щIалэгъуэ дыдэм ихэтащ цIыхубэ щIэныгъэм гъэр гъэкIуэдыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм, нэхъ балигъ хуэ нэужь абы педрабфакым щригъэджащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэ гуГъуэм, зэрыжаIэу, зауэлI фащэр зыщихьажьну хуиIэмэсауэ, КIыщокъуэр просвещенэмкIэ наркому яГъуэващ икIи республикэм и еджапIэхэр зэгъэпэщIыжьным, егъэджэныгъэ Iэнатlэр къэIэтыжьным гуащIэдэкIышхуэ хилъхьащ. А Iуэхур абы Iэпэдэгъэлэл ищIакъым КъБАССР-м и Министрэхэм я Совет тыМ и унафэщым и къуэдзэу щыщытами, партыМ и обкомым и секретарУ щылэжьами. Зи гугъу тщIа псори нэгъэсауэ икIи купщIафIэу къыхохьыж КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм. Гупытэнщэ щIын хуейкъым РСФСР-м, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм и унафэщIхэм ящыщ зыуэ, СССР-м и литфондым илъэс куэдкIэ и Iэтащхьэу щыщыта зэманхэм ди лъэпкъэгъуэ щIэрыIуэм зэфIихьа жьыгъэшхуэрэ. КIыщокъуэ Алим къэралми жылагъэми заужьын папщIэ ищIа псори зыхуэунэтIар лъэпкъхэм я зэхуакIуэ дэпъ зэныбжьэгъуэгъэмрэ зэгурыIуэмрэ гъэбелджэныр, хэкупсэ, интернационалист нэсхэр гъэсэныр.

ТхакIуэм и жылагъуэ лэжьыгъэм, творческэ гуащIэдэкIым и гугъэщIым, Къанокъуэ Арсен къызэхуэсахэм ягу кIигъэкIыжащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэрыгушхуэ усакIэшхуэхэм - яку дэпъа зэныбжьэгъуэгъэ иныр, «бгырыс уэрэдым и дамэу» а тIум я зэхущытыкIар нобэрейхэми къэкIуэну щIоблахэми я щапхъэу зэрыщытыпхъэр. Апхуэдэу ягъэхигъащащ а тхакIуэ цIэрыIуитIыр къыщалъхуа, къыщыхъуа Шэджэм районым абыхэм я фэеплъ скульптурэхэр иту Лъэпкъ зэныбжьэгъуэгъэмрэ и жыг хадэ щагъэтIылъыну къыхэзылъхьахэм зэрадиIыгъыр.

КъБР-м и Президентым и ужькIэ къэпсэльапIэм кърагъэблагъащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и секретарь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Парларэ Анатолэ**.

- КIыщокъуэ Алим и фэеплъ Налшык щагъэувам сыщеплIкIэ, сэ слъагъур тхакIуэм и теплъэу мывэ щIыIэм къыхэIущIыкIаракъым, атIэ езыр си нэгум къыщIоувэ, - жиIащ абы. - Иджыпстуи ар къытхэту, мы пэлъэщхуэм зыщIыпIэ деж щыс хуэдэу къысщохуэ. Урысейм и куэдщ усакIуэ IэзрыIуэхэр, ауэ нэгъуэщI лъэпкъи щIыналъи щыIэу сэ сщIэркъым Шэджэм районым хуэдэу зэуэ усакIуэщхуэр, лъэпкъ узэщIакIуэу щы «къэзыльхуа». Сэ си гугъу сщIыр Пащ1э Бэчмырзэ, нужь ирихьэлIэу щы «къэзыльхуа». Сэ си гугъу сщIыр Пащ1э Бэчмырзэ деж щегъэжьауэ КIыщокъуэ Алим деж нэсыху адыгэбзэм къикIуа гъэгуанэм урилъэжмэ, умыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал иIэкъым - апхуэдэ зыужьыныгъэ ягъуэтын щхьэкIэ илъэс мин бжыгъэ къэзыкIуа адрей лъэпкъыбзэхэм ельытауэ я гъэгуанэр илъэсищэм и кIуэщIкIэ адыгэбзэм къикIауэ щы «къэзыльхуа» апхуэдэ зыужь

●Махуэгъэпс

Дыззрыт мазэм

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 1-м

●1896 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, маршал **Жуков Георгий** 1974 гъэм дунейм ехыжащ.

●1945 гъэм кьыззрагъэпэщащ ЦIыхубэхэм я Дунейпсо Демократ Федерацэр (МДФЖ-р).

●Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэ, уэрэджыIакIуэ **Сосмакь Валентин**э кьыщыдалъхуа махуэщ.

●Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик **Джэш ФатIимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

●**СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 2-м

●1870 гъэм Рим Италием и щIыхь-эр хъуащ.

●**Банк лэжьакIуэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 3-м

●Илъэс 50 и пэкIэ (1959) «Ленин» мылькуитэ атом кхъухьыр япэу псым техьащ.

●**Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 4-р

●**Урысей информатикэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 5-м

●1936 гъэм СССР-м и Конституцэр кьащтащ. КъБАО-р КъБАССР хъуащ.



●1938 гъэм кьалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДАА-м и президент икIи и академик, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балькъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэхущ Iэдэм**.

●1960 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и журналист «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторэ нэхъыщIыкIэ и къудэзэ, публицист **Жыласэ Заурбэч**.

●1941 гъэм советыдзэхэр Москва и дежи нэмыцI-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ебгъэрыкIуэн щыщIадзащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 6-м

●1944 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей обкомым и пленум зэхэтащ. Абы партым и обкомым и япэ секретарыр щыIэрахъуэкIащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 7-м

●1725 гъэм Петербург щыIэхэтащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ зэхьыхэр.

● **Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ**

● **Армением щыщ щыщыхьэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 8-м

●1991 гъэм Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэкъуэтныныгэр (СНГ-р) къэзыгъэхъуа Беловежскэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ. Абы СССР-р щымыIэж ищащ.



●Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэ, уэрэджыIакIуэ цIрыIуэ **Шэрий Иринэ**кьыщалъхуа махуэщ.

●И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Аз**э**мэтджэрий**.

● Адыгэ суэрэтыщ цIэрыIуэ **Еутых Iэсият** кьыщалъхуа махуэщ.

●Ингушэ Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэ, «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэ пажэ **Щоджэн Ксение** кьыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 9-м

●Илъэс 240-рэ и пэкIэ (1769) Урысейм и Iэуэ нагрэдэ **Георгий** щихьыныр и орденыр - щагъэуващ.

●**Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 10-м

●1938 гъэм къалъхуащ СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым Iэпэлъэпэр и лауреат, дирижер цIэрыIуэ **Темыркан Юрий**.

● И ныбжьыр ильэс 70 ирокъу Къэбэрдей-Балькъэрым гъуэзджэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэджыIакIуэ **Согуз Данил**.

●**Нобель и махуэщ** (Нобель и саугъэтхэр щат махуэщ)

●**ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

●**Футболым и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 11-м

●1946 гъэм ООН-м Сабийхэм защIэгъэкъуэныкIэ сабий фонд кьыхэригъэпэщащ.

●1956 гъэм **Мэлбахь ф Тимборэ** КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и япэ секретару хахащ.



● Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ**кьыщалъхуа махуэщ.

●**Я къалэнхэр ягъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 12-м

●1993 гъэм Урысей Федерацэм и Конституцэр кьащтащ.

●**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**

●1993 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентыр палатитI хъуэу хахащ.



●1928 гъэм къалъхуащ Кыргызыстэм и цIыхубэ тхакIуэ, Ленин и саугъэтым и лауреат, Совет саугъэтми СССР-м и Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Айтматов Чингиз**. 2009 гъэм дунейм ехыжащ.

●Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкьел Лерэ** кьыщалъхуа махуэщ.

●1948 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Балькъыз Валерэ**.

●Къэбэрдей-Балькъэрым егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Шал Любовь** кьыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 14-м

●1695 гъэм пащтыхь Петр I кьыхилъхьэри, адыгэпщ **Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр** Урысейм и генераликсимусу хахащ.

●1911 гъэм Норвегием и кьэхутакIуэ Амудсен Реальд япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

●Академик **Сахаров А. Д.** и фэеплъ махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 15-м

●1699 гъэм Петр I и унафэкIэ Урысейр Юлиан маф зэгъэпсыр хуэкIуэащ. 1700 гъэм кьыщыШIэдзауэ илъэсыщIэр (СНГ-р) къэзыгъэхъуа Беловежскэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ. Абы СССР-р щымыIэж ищащ.

●Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэ, уэрэджыIакIуэ цIрыIуэ **Шэрий Иринэ**кьыщалъхуа махуэщ.

● И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Аз**э**мэтджэрий**.

● Адыгэ суэрэтыщ цIэрыIуэ **Еутых Iэсият** кьыщалъхуа махуэщ.

●Ингушэ Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэ, «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэ пажэ **Щоджэн Ксение** кьыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 16-м



●1916 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрми гъуэзджэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ, щIэныгъэлI **Шортэн Аскэрбий**. 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

●Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Iэсиятэ**кьыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 17-м

●Илъэс 50 (1959) ирокъу стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэр кьыззрызэрагъэпэщрэ.

●**Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 18-м

●1921 гъэм къалъхуащ СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Никулин Юрий**. 1997 гъэм дунейм ехыжащ.

● И ныбжьыр ильэс 70 ирокъу Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ суэрэтыщ. ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием, Европэм и Академием, ШIДАА-м хэтэ **КIыщ Мухьэдин**.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 19-м



● 1906 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, парт, къэрал лэжьакIуэ, политик, маршал **Брежнев Леонид** 1982 гъэм дунейм ехыжащ.

●Филологие щIэныгъэхэм я доктор, дунейпсо литературэм и институтым и профессор **Алий Алл**э кьыщалъхуа махуэщ.

●**ТхъэмыщкIэхэм зэщIагъэкъуэныкIэ дунейпсо махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 20-м



●1917 гъэм кьыззрагъэпэщащ ВЧК-р (Урысейпсо Чрезвычай-нэ комиссэр). Абы и Iэтащхьэу ягъэуват **Дзержинский Феликс**.

●**Къэралым и шынагъуэнщагъэм и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

● И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и журналист, публицист **Гъуаплащ Зауан** .

●1952 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, журналист **ХьэIупщы МуIэд**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 21-м



●Илъэси 130-рэ ирокъу Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, парт, къэрал лэжьакIуэ, политик **Сталин (Джугашвили) Иосиф** кьыззрахъуэрэ. 1953 гъэм дунейм ехыжащ.

●1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым и унафэкIэ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскен куейкэм районхэр зэкъуэщIэкIыу щIадзащ.

●**Дыгъэм зегьазэ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 22-м

●1920 гъэм кьащтащ Урысейр электрификацэ щIыным тегуэуа къэрал планыр (ПЭПР-р).

●**Энергетикым и махуэщ**

●2001 гъэм Налшык кьыщызэIуахащ Къэрал концерт гъэльэгъуапIэр.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 24-м

●1979 гъэм советыдзэр Афганистаным ихьащ.

●И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Ехьулэ Мартин**.



● Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и артистхэ, Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 25-м

●**Хьисэ бегьымбарыр кьалъхуащ**

●Илъэс 95-рэ ирокъу Совет Союзым и ЛIыхъужь **Кьанкъуэ Ахьмэдэхан** кьыззрагъэпэщащ. 1943 гъэм дыгъэгъэм и 28-м Керчь и деж щыIэкIуэдащ.



●Илъэс 90 ирокъу Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим**кьыззрагъэпэщащ. 1943 гъэм фокIадэм и 23-м Фин псыдыхьэпIэм и деж щыIэкIуэдащ.

●Илъэс 90 ирокъу Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил** кьыззрагъэпэщащ. 1994 гъэм дунейм ехыжащ.

●1923 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым гъуэзджэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ **Балэ Мухьэдин**. 1984 гъэм дунейм ехыжащ.

●Илъэс 80 ирокъу усакIуэ, литературоведэ, критик, щIэныгъэлI цIэрыIуэ **Сокъур Мусэбий** кьыззрагъэпэщащ. 1990 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 27-м

●1932 гъэм СССР-м паспорт щат хъуащ.



● И ныбжьыр ильэс 80 ирокъу филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балькъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэкIуащэ Андрей**.

●И ныбжьыр ильэс 70 ирокъу самбэмрэ дзюдомкIэ Урысей Федерацэми СССР-ми щIыхь зиIэ и тренер, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ШIДАА-м и академик **Кублэ Екьуб**.

● **КъегъэлакIуэм и махуэщ**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 28-м

● 1959 гъэм Налшык телемеханикэ аппаратурэ завод кьыщыззIэуахащ.

● 1968 гъэм Мейкьуапэ щыIэ Зэныжькъэгъуныгъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъуэсщэ фэеплъыр кьыщыззIуахащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 29-м

●Илъэс 310-рэ и пэкIэ (1699) урыс пащтыхь Петр I, Европэм щыIэ кьэралхэм я жуэдзэу, Урысейм Хьисэ бегьымбарыр кьыщалъхуа махуэм гъэхэр кьыдабжу зыгъэув унафэр кьыдигъэкIащ.



●Илъэс 300 ирокъу **Петр Е**ф**эн**ф **ипхъу Елизаветэ** кьыззрагъэпэщащ. 1761 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 30-м

● 1922 гъэм Советхэм я I Союзэпсо съездым кьыщыззрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

●1972 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым кьратащ Лъэпкъхэм я зэкъуэтныныгъэ (Дружба народов) орденыр.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМи 31-м

●И ныбжьыр ильэс 80 ирокъу Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Адыгэ Республикэм и щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыхь-эр артист, композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Бзэрэгъун Владимир** . 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

Зыгъэхьэзырыр
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Гъащ!эм щынэхъыщхьэр пэжыгъэрщ

Тхыгъэм фIэщыгъэцIэ хуэтщIа псалъэухар къагъэщI дэтхэнэ махуэми гъуэгуфIыгъуэ зыхуэхъу щыхуэхэр машIэжьым. Апхуэдэхэр ящIэм пэжгъуэгу щохь, арщхьэкIэ я щхьэм, напэм, щIыхугъэм зэрыхуэпэжым къыхэкIыу абыхэм жылагъуэм пщIэ лей къыщыхуащI, нэмысри щыщIэрхъым. Зи гугъу щIыхэм хуэдэм УФ-м и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, юстицэмкIэ чэнджэщэгъуэ нэхъыжь Сэрахъэ Александр Iэюб и къуэр. Абы и гъащIэ купщIафIэр хунгъэнсащ пэжыгъэр щытепщэ, захуагъэр щытекIуэ псэунэ щыхуэхэм яIэным.

● Дифi догъэлъапIэ

Сэрахъэ Александр

СЭРАХЪЭР 1934 гъэм и жэпэгъуэ мазэм Кьаншыуей (Курп Ищхьэрэ) кьуэдакIэм кьыщалъхуащ. Абы и адэ Iэюб ящыщащ ди щIыпIэм и япэ егъэджакIуэхэм. Я жылэм школ зэрыдэмытым къыхэкIыу, Iэюб сабийхэр щригъэджащ Сэрмакь дащIыхьауэ щыта япэ курыт щыIэныгъэм. Апхуэдизкъым зэрыжиIэмкIэ, сэрмакьдэсхэм ящыщ куэдым иджыри ящIэж тхьилъэр зи Iэдэжу илъэс 20-м щIигъуакIэ я къуажэм щылажьа егъэджакIуэ Iэдэбыр. Я адэм и щапхъэм я бынищыр щIипIыкIащ анэм. Колхоз гъащIэр щауха а зэман ткIийм бзыльхугъэр хунэсырт губгъуэ лэжьыгъэри ныкъуэсаныгъэншэу къырихьэлIэну, и бынунагъэри зыхуей хунэсхьэну. Бынхэм я нэхъыжьэ Александр щIалэ щыкIурт абы дэIепыкъуэгъуу, Iэпыдзэтъкъуэдиящ иIэр.

ЩIэныгъэм и нэхур я пльапIэу къэхъуащ Сэрахъэхэр я бынхэр. Адэ-анэм яхуэфащэкIащ абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщIхьэр зэрыпсэун Iэщ!агъэрэ ирагъэгъэтын. Курыт школыр екъулIэныгъэкIэ кьиуха нэжь, Александр иджыпкъэ ящыщ ефащ, илъэситI-щыкIи а Iэщ!агъэм ирилъжьащ. Кино гъэлъэгъуэным нэмыщI, тхэнми дихьэхыу гу зыльата щIалэщIэр куейм кьыщыдэкI газетым ирагъэблагъэри абы и корреспондентуэ щытащ. Абдежым кьыщыщIидзащ Сэрахъэм и литературэ гуфIыгъуэ. Зэман кIэщIкIэрэ ар абы кьытекIами, сыт хуэдэ зэмани тхэным, литературэ зэхуэмыдэхэр джыным гуфIытэ хунщIу екIуэкIащ.

ЩIэныгъэ гъэкIуэкIэр, Iэщ!агъэлI щхьэхуэхэр щIыналъэм зэрыщымащIэм кьыхэкIыу, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым лэжьыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм и кIэухым унафэ щхьэхуэ кьыщтауэ щытащ унэгIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ псэпкъ Iэщ!агъэлIэр гъэхьэзырыным теухуауэ. А унафэм ифI къекIащ Сэрахъэм. ЩIалэ зыгъетым и Iуэху зехьэкIэ дахэм гу лъызыта унафэщIхэм ар ягъэлъэгъуащ юрист Iэхъум хуеджафхьэу. Апхуэдэ щыкIэкIэ Александр щIэтIысхьащ Саратов дэт юридическэ академием икIи ар 1963 гъэм кьиухащ.

ЩIыналъэрэ Iэщ!агъэрэ нIуэ щатыуа щIыналъэм кьызыгъэзэжа щIалэщIэр щыщIэжьащ къыхуагъэфащэ Iэнатl Iэ зыбканэм. Ар щытащ Прохладнэ къалэм и прокурорым и дэIепыкъуэгъуу, Тэрч, Баксэн куейхэм я прокурору, нэгъуэщI Iэнатl Iэхэри ирихьэкIащ.

- Си Iэщ!агъэм сыхэгъуэзэныкIэ, абы хуэIэижь сыхьуныкIэ хуабжьу сэбэн къыхэхуэхуауэ щытащ а зэманым республикэм и прокурор нэхъыщхьэу лэжьа Алексей Мухьэрбий. Абы и фэгъу сэ иджыри къэс сыщрихьэлIакъым хабзэхьумэ, прокуратурэ, суIущIэ Iэнатl Iэхэм. Мухьэрбий хуабжьу щыту ткIийт, пхъашэт, аущ зэхуаГъэмрэ пэжыгъэмрэ зи гъуэзэт, - игу къеГъэкIыж Сэрахъэм юрист лэжьыгъэм щыпэрыувагъэщIэ ильэс-хэр. - Абы и унафэм сыщIэту, и Iуэху дивизэ къыщыззрагъэпэщауэ щытащ. Ахэр фронтым Iухьэри, бийм Сальск губгъуэр ирамыгъэубыду Сталинград и Iэшэлъашэхэм хахуэу щыззуащ. А лъыгъажьм да зауэлI мини 4-м нэблагъэ хэкIуэдащ. Ростов областым и Мартыновскэ районым ноби щадащ. Iуэтэж абыхэм зорахьа лIыгъэр. Кавказым щыщ щыуейхэм я щIыкIэ Мартыновкэ къуажэм и уэрамхэм я ящыщ зыкъ Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъуэщIым лIыхъужьыгъэ къыгъэльэгъуэу зи псэр зыта политрук Уэзы Хьэжмудар я цIэхэр фIащащ. Районым щыщыу щыщIэ ильэс 10-м нэблагъэ, абыхэм щагъэува сынхэм кIэрыль мемориал пхъэбгъуэ зауэлIхэм я унэцIэхэр тетащ.

ЕджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ Налшык курыт школ №7-м и музейм щызэхуахьэсыжащ 115-нэ шууей дивизэм хэта лIыхъужьхэм ятеухуа хъыбарэр гукъэкIыжу куэд. Сабийхэр гъэщIэгъэуну а Iуэхугъуэ жыжьэм тепсэлъыхьащ, зауэмрэ хэкумрэ теухуа уэрэдхэр жаIащ, усэхэм кьеджащ.

«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа Iуэрэхэр мы школым щрагъэкIыкI. Хуабжьу гуапэщ ди щхьэхуитныныгъэм гъэщIэ зи псэр зытехэм ятеуха хъыбархэр зэпымыууэ сабийхэм зэрахъэфIуатэр. Си адэр фронтым щыкIуэм ильэси 10 сыхьурти, фIыуэ соцIэж шэч гуэри шынагъи и нэгум къэзэримыщар. Сыту жыпIэмэ, ар тэджат и хэкур, республикэр ихьумэжыну. Си фIащ мэхъу дивизэ цIэрыIуэм щыщу хэкIуэда дэтхэнэ зауэлIри а гупсысэр игъэнэхъыщхьэу биим зэрыпэувар, - къыхигъэщащ абы.

ЗэIуэ нэужьым 115-нэ шууей дивизэм и фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхащ.

ЧЫП Марианнэ.

● Дифi зэпыщIэныгъэхэр

Ягу къагъэкIыж

НАЛШЫК дэт курыт еджапIэ №7-м щекIуэкIащ 115-нэ шууей дивизэ цIэрыIуэм теухуа фэеплъ пащтыхьщхьэ.

- Ди щхьэхуитныныгъэм папщIэ зи псэр зыта 115-нэ шууей дивизэм и зауэлI хахуэхэм зэрахьа лIыгъэр къыпхуэмыIуэтэнын хуэдизщ. Нобэ ди къалэнырт а лIыхъужьыгъэм теухуауэ дызыщIыгъуаззэрэ щIэблэм щIэблэкIэ зэIэпытхьэрэ, я фэеплъ дгъэзэлъэпIэ нырщ, - къыхигъэщащ Налшык къалэм и щIипIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и Департаментым и унафэщI Мэлбахьэ Тимур школакIуэхэм, хэкIуэдахэм я IыхьлIыхэм, я бынхэм, я къуэрылъху-пхъурылъхуэм защцыхуигъаззэм.

Зэхэхьэм тхьащIэ Iэщ!у щытепсэлъыхьащ. Хэку зауэшхэм зэрыщIидзэу, 1941 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым щyуейт 5500-рэ зыхэт дивизэ къыщыззрагъэпэщауэ щытащ. Ахэр фронтым Iухьэри, бийм Сальск губгъуэр ирамыгъэубыду Сталинград и Iэшэлъашэхэм хахуэу щыззуащ. А лъыгъажьм да зауэлI мини 4-м нэблагъэ хэкIуэдащ. Ростов областым и Мартыновскэ районым ноби щадащ. Iуэтэж абыхэм зорахьа лIыгъэр. Кавказым щыщ щыуейхэм я щIыкIэ Мартыновкэ къуажэм и уэрамхэм я ящыщ зыкъ Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъуэщIым лIыхъужьыгъэ къыгъэльэгъуэу зи псэр зыта политрук Уэзы Хьэжмудар я цIэхэр фIащащ. Районым щыщу щыщIэ ильэс 10-м нэблагъэ, абыхэм щагъэува сынхэм кIэрыль мемориал пхъэбгъуэ зауэлIхэм я унэцIэхэр тетащ.

ЗэIуэ нэужьым 115-нэ шууей дивизэм и фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхащ.

ЧЫП Марианнэ.

Зи пщIэр лъагэхэр

«Анэм и мафу эр» Урысейм щагъэдыдаIэ щIыгъуэхуэм и нужьрей тхьэмахуэм. КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ абы сихьIа пшыхьхэр ди республикэм мазэкIэ щрагъэкIуэкIащ. Псапащ Iуэхуэмрэ концертхэмрэ я министерствэ и пэ и пэ щIэ, цIыхухэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ щрат центрым и лъхьэщIэ щIыззрагъэпэщащ.

АПХУЭДЭ махуэщхэр пшыхь иджыбларэ зэрагъэдэхащ Бахьсэн кьалэ дэт, цIыхухэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ щрат центрымрэ лъхьэныгъэрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ щIыналъэ кьудамэм я кьарукIэ.

Бын куэд зыпIа анэхэу Къэрэшей Маржан, Елчэпар Маринэ, Даур КIучIэ, Щтым Люсэ, КIущ Светланэ сымэ яхуэгъэза псалъэ гуапэ куэд щыжаIащ пшыхьым. Апхуэдэу абыхэм анэ насыпыр зыкъащIэну ехьуэхьуащ Бахьсэн кьалэ и цIыхубзхэм я советым и унафэщI Бахьсэн Светланэ, курыт школым и директор КIуращын Щ.М.эр, кьалэ советым и депутат Бэрэздж Зое, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ щIыналъэ кьудамэм и унафэщI Аргъэщокъуэ Светэ сымэ.

Пшыхьым кьрихьэлIэхэм и уэрэдхэмкIэ яхуэупсащ Зеущэ Iуэес. Махуэшхуэр зыхуэгъэпса анэхэм сигуэгъэгъэ ираташ.

ЗэIуIэр кьыззрагъэпэщащ хэм фIыщIэ хуащIащ мыльк уэкIэ закьыщIэзыгъэкъуэ Бахьсэн кьалэ администрацэм, хьэрычэтыщIэхэм Шаушэ Лнуан, Лыл Анэр, Кьаныкьуэ Натбий, Кьардэн Замир, Бещто Замирэ сымэ.

- Сыт хуэдизу псалъэ гуапэ анэхэм хужаIами, ахэр ягъэлъэпIэн папщIэ сыт хуэдизу щхьэусыгъуэ кьагупсысами, абыхэм я фIыщIэр кьэбгъэльэгъуэну, пIэтаину зэп лей хьунукьым, - жиIащ зэIуIэр щызэхуищыжьым Бахьсэн кьалэм щIыхуэкъм социальнэ дэIепыкъуныгъэ щрат и центрым и унафэщI Тут Лилэ.

УЭСМЭН Маринэ.

● Дыгъэгъазэм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ

Фызыхуэсакъыж

Дунеи псор зэлъэзыщыса уэзыфщ СПИД-р. А уэзыфэм и лIыкIэхэмрэ ар зыпкъыритхэмрэ я бжьыгъэ кIуэ пэтми зэрыхъхъуэр къыщыщIэжI, СПИД-м дунейм щыхуэ мин бжьыгъэхэр мыхьу, къэрал псохэр тригъэхъзыкIынкI щыщагъэу зэрыщыIэр кьыбгуроIуэ.

1988 ГЪЭМ КЪЭРАЛ псоми зэпыщагъэр хъумэнымкIэ я министрхэр зэхуэсри а уэзыфэ щынагъуэм щIыхуэхэр щахъумэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм тепсэлъыхьащ. Нэхъыщхьэуи абы щыгъуэм кьыхагъэщауэ щытащ СПИД-м кьытхуихь тхьэмыщкIагъэр зыхуэдэр щIыхуэхэм кьагурыIуэн зэрыхуейр. Абы и уажькIэ дыгъэгъазэм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэу ягъэуващ.

Иужьрей эманым СПИД-м пыщIа гъэзэгъэр кьызыгурыIуэхэр нэхъыбэ хьуащ. Къызэрыщыпхъэщ абы ехьэлIауэ кьыщIагъэкI хущхьэхэр зэрефIэкIуар, сымаджэхэм я гъэпсыкIэхэр зэрыпсынкIэр. Аущ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а уэзыфэр зыгъэхъужьщ зэкIэ щыIэкъым.

ЮНЭЙДС зэгуэхэныгъэм къызэриГъэлъэгъуамкIэ, дунеи псом щыпсэу щIыху мелуан 35,7-м япкърытщ а уэзыфэ щынагъуэр, абы щыщу мелуан 26-р ЮнатI Iутщ.

СПИД-р нэхъыбэу зэфыкIыр афиныкмрэ фадэмрэ зи нэрыгъэхэр. Абы пыщIащ венерическэ уэзыфэхэр, гепатитыр. СПИД-р зэуэлIам и блэгъуэр, куэбзэпсхэр нэхъ ин мэхъу, техьэгъуэм зэщIеубыдэ, и щIыфэм пльыжьыгъэ кьытрекIугъэ, и жьэ кIуэщIхэр кьоху, гъур мэхъу. А уэзыфэр зыпкърыщIыхум и гъыр кьыфIъэмыIэсамэ, ар шынагъуэкъым, Iэ зэрыубыдкIэ, хьэуамкIэ, унагъуэм щызепхьэ хьэпшыпхэмкIэ СПИД-р кьоуэлIэнукъым.

Фызыхуэсакъыж, кьабзэпльабзэу фызэрыщIыпым фIыхущIэкъу, акьылыр зыгъэутхъэу хущхьэхуэм защыдзэгъ, мастэ зыхьевгъэпхьэн хуей хъумэ, зэфIэкIа кьамыгъэсэбэп шприцхэр кьэфщэху.

Медицинэм и закъуэкIэ узыпэлъэщын узыфэкъым ар, абы цIыхубэм и кьару псори хуэзыщIэгъэуIуэн хуейщ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Iанэ.



● Футбол

ГуІэфІтещІэж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Тэрч» (Грозный) – 4:2 (3:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щэжьугъуэм и 29-м. Цыху 9 000 еплъащ.

Судьяхэр: КАЗЬМЕНКЭ (Дон Іус Ростов). Еровенкэ (Краснодар), Хачатуров (Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Кисенков, Джудович, Амисулашвили, Ятченкэ, Леандру, Джатэрывэ, Спрадзе (Рикардэ, 73), Концедалов (Концевой, 87), Бикмаев (Самсонов, 80), Асильдаров.

«Тэрч»: Эдилов (Дикань, 46), Уциев Риз., Омельянчук, Хаймович, Илиев (Забавник, 46), Кацаев, Джабраилов, Садаев, Кобенэ (Власов, 60), Газаев, Лахиялов.

Топхэр дагъэкІащ: Леандру, 13 - 1:0. Амисулашвили, 38 - 2:0. Кисенков, 44 - 3:0. Джабраилов, 53 - 3:1. Сирадзе, 58 - 4:1. Лахиялов, 90 - 4:2.

Дагъуэ хуащІащ Бикмаевым, Кобенкэ, Лахияловым.

Премьер-лигэм и иужьрей зэІущІэр тхьэмахуэ кІуам Налшык щрагъэкІуэкІащ «Спартак-Налшыкымрэ» Грознэм и «Тэрчымрэ». Мыгъэрей Іуэхухі ЗэІущІэ зыхуаГъэувыжа кьаІэн нэхьыщхьэхэр нэхъ пасэу зэпыГъэзыгъэкІа командэхэм футболелпльхэр я джэгукІэмкІэ яГъэгушхуэну я мурадт.

ЗэІущІэр хэгъэрейхэм жьыджэру кьыщІадзащ икІи яп дыдэ дакъикьхэхэм кьыщыщІэдзауэ я «Тэрчым» и гъуэмебгъэрыкІуащ. Етхуанэ дакъикьэм Асильдаровыр гъуэжьхэхьумэхэм кьапекІуэжри льэщу гъуэм еуащ, арщхьэкІэ зымащІэкІэ хуэзакьым. Зэман кІэщІ дэкІри, Щамил иджыри зэ гъуэм екІуалІэри, топыр Леандру хуигъэжащ. Бразил гъуащхьэхьумэныкьуэр абы тэмэму техуакьым.

КьыкІэльыкІуэ дакьикьэм налшыкдзэсхэм екьулІэныгъэ кьаХуихащ. Джатэрывэр хьэщІэхэм я гъуэм гъунэгъу щыхуэхьум, топыр Леандру и льэныкьуэмкІэ игъэжащ. Иужьрейм кьыхуэкІуэ гъуащхьэтетым и щыбагъымкІэ топыр кьыдидзащ икІи, Асильдаровми хуэдэу, мы гъэм топ еянэр дигъэкІащ.

ПсынщІэу бжьыгъэр кьызэрызэІуахам зи лъэр жан ища «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр нэхъ жыдж зрыж хьуат. Ар ягъэбэгъэную пэгъунэгъу щытащ Кисенковымрэ Леандрурэ.

Апхуэдизу гугъуехьыр псыхэкІуадэ хьуакьым. Концедаловым угловокІэ кьита топым яп ежащ «Спартак-Налшыкым» хэту дигъэкІа топхэм я бжьыгъэр пщІым нигъэсащ (а зэманым кІуиубыдэу нэхъыбэ дыдэ дзэзыгъэкІар араш).

Т опиткІэ яп ища ди щІалэхэм щІэгуэвэн щымыІэу джэгуР зэрыхуеГм хуэдэу ирагъэкІу экІырт, грознэдэсхэм топыр кьаЗэрылыусыр мащІэ дыдэрэт.

ЗэІущІэм и яп Іыхьэм и кІэух дакьикьэм гъуэм пэмыжьыкьэу Концедаловым штрафной игъэзэщащ. Япэу топым нэса Кисенковым ар щхьэкІэ Эдиловым и гъуэм игъэжІуащ – 3:0.

ЕтІуанэ Іыхьэр «Спартак-Налшыкым» нэхъ хуэму кьыщІидзащ. Топищкі яп ища налшыкдзэсхэм гугъу зрагъэхьыну хуей хуэдэтэхьым. Абы и фыГъэкІэ «Тэрчым» и футболистхэм Іэмал нэхъыбэ кьахукьуэкІат Хомич и гъуэм ебгъэрыкІуну. Хэгъэрейхэм набдзэгубдзаплъагъэ зэман кІэщІкІэ зэрафІэкІуэдар грознэдэсхэм кьагъэсэбэпащ. ЗэІущІэр зэрыщІидзэжрэ дакьикьипщІ хуэдиз дэкІуэу, хьэщІэхэм я капитан Джабраиловым зэщхьэщыкІыныгъэр нэхъ мащІэ ищІащ.

«Спартак-Налшыкым» псынщІэ дыдэу зыкьыІэзэщІикьуэри, щытыкІэр игъэзэкІуэжыну гупышхуэу ипэкІэ кІуэтащ. Штрафнойм щихьэм кьыпежьа гъущхьэхьумитІыр кьиГъапщІэри, хуит кьэхьуа Сирадзе топыр иритащ. Давид ар Эдиловым и пІкІэ джэгум кьыхьыча Дикань и гъуэм дигъэкІащ – 4:1.

КьыкІэльыкІуэ дакьикьэ зыбжанэми «Спартак-Налшыкыр» жьыджэру ебгъэрыкІуащ. Ди щІалэхэм зэкІэлъхьэжьку кьата угловоищым иужькІэ Асильдаровым бжьыгъэм хигъэхьуэну Іэмалыфі дыдэ кьыхукьэкІат, арщхьэкІэ топыр гъущІ пкьом техуэрн кьэльеижащ.

ХьэщІэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ закьуэтІакьуэм хэту Кацаевым топыр Лахияловым иритащ, ауэ иужькІэр гъуэм техуакьым. КІэух дакьикьэхэм «Тэрчыр» нэхъ жьыджэр къэхьуащ икІи псынщІэ дыдэу топ кьыхудгъэкІыжащ. Зэман кІэщІым кьиубыдэу Іуэхур дымыгъэзэкІуэжатэмэ, кІэух бжьыгъэ нэгъэщІынкІи хьунут. Нобэрей зэІущІэр мыгъэрейхэм нэхьрэ нэхьыфІу едгъэкІуэкІауэ кьыгюдыгъ.

МЭЗКУУ Кьанцюбий.

ЗэІущІэ нэужьым

ДИНИЕВ Шахин, *«Тэрчым» и тренер нэхьыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ:*

Ныбжьыщ Іэхэм дахоплъэ

- Гъэ джэгуГъуэр зэриухамкІэ псоми сынывохьуэху. Нобэрей зэІущІэм Іыхьитіу бгъуэ хьунущ. Абы и яп Іыхьэр сыт и лъэныкьуэкІи кьыдэхьуліакъым, щыхьэту урикьунущ топищ кьызэрыхуДагъэкІар. ЕтІуанэ Іыхьэм щхьэкІэ ди щІалэхэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ. ТопитІ зэрыдагъэкІам и мызакьуэу, джэгукІэ дахи къагъэлъэгъуауэ кьызолъытэ. Иужьрей зэІущІэхэм губгъуэм кьидгъэхьэхэр щІалэгъуалэрэщ, етІанэгъэ дзыхь зыхуэпщІ хьунухэр кьыхьдох. Хэгъэрейхэм текІуэныгъэр кьалэжьащ икІи сохъуэхьу етІанэгъэ премьер-лигэр Налшык зэрыщІэнумкІэ.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхьыщхьэ:*

Яп Іыхьэм топищ щыдэдгъэкІами

- ЗэІущІэм и яп Іыхьэм топищ щыдэдгъэкІа и ужькІэ, етІуанэм ди джэгукІэр нэхь кІащхьэ хуящІ. Абы и эраркІэ «Тэрчыр» нэхъ жьыджэр къэхьуащ икІи псынщІэ дыдэу топ кьыхудгъэкІыжащ. Зэман кІэщІым кьиубыдэу Іуэхур дымыгъэзэкІуэжатэмэ, кІэух бжьыгъэ нэгъэщІынкІи хьунут. Нобэрей зэІущІэр мыгъэрейхэм нэхьрэ нэхьыфІу едгъэкІуэкІауэ кьыгюдыгъ.

МЭЗКУУ Кьанцюбий.

Узыпэмыплъа Іуэхугъуэ куэд къыкъокІ

«Спартак-Налшыкымрэ» «Тэрчымрэ» я зэІущІэ нэужьым к омандэхэм я футболистхэм захуэдгъаззри ар къаззрыщІыхьам тедгъэпсэтыхьащ.

Лахиялов Щамил, ***«Тэрчым» и гъуащхьэуэ:*** ЗэІущІэр апхуэдэ бжьыгъэкІэ нухыну ди нэгу къыщІэдгъэхьэртэкьым. Дауэ мыхъуми, Налшык и командэм дытекІуэн мурад диІэу дыкъэкІуат. ЗэрыфщІэщи, Кавказ Ищхьэрэм и командхэр сыт щыгъуи псэемыблэжу зэдоджэгу. Ноби апхуэдэу щытащ. ЗэІущІэр футболелпльхэм ягу зэрырихьам щэч кьытесхьэрхьэм, ауэ ар зэрируха бжьыгъэм арэзы дэ дыкьищІакьым.

«Спартак-Налшыкым» нэхъ пльэщу джэгуащ икІи хуэфащэ кьытекІуащ.

Нобэ «Тэрчым» щІалэгъуалэ куэд хэтащ. Ар кьызыкэхлар, абыхэм я зэфІэкІыр дгъэунэхун щхьэкІэщ. Чемпионатым кьыщытпсыпльа кьалэнхэр дгъэзэщІащ, абы кьыхэкІыуи тфІэкІуэда щыІэкъым, нобэ дыкьыхахгъэщІа пэтми.

Командым и тренер нэхьыщхьэу щыта Грозный Вячеслав зэрытекІамрэ абы и ужькІэ командэр зэи зэрытемыкІуамрэ зэпхэ ящыІэу щытмэ, зэпхэуэ кьыщІэкІыну, иджыри кьыздэсым зыми дыщытемыкІуэфакІэ. Футболыр апхуэдэщ - зыр кьыхохьэ, адрейр хокІ. Абы зыри пхуещІэнукъым.

Сэ контракткІэ «Тэрчым» сепхащ, псомкІи сыцярэзыщ. «Анжи»-м сашэжьи хуэдэу журналистхэм кьрахьэкІ хьыбархэм сыщыгъуазэкьым, зыми абы теухуэу зыкьыІэхухигъэзакьым.

Амисулашвили Александр, ***«Спартак-Налшыкым» и гъащхьэхьэм:*** - Нобэрей зэІущІэр тынщу екІуэкІауэ кьыфщІыхьнущ, ауэ ар пэжкьым. «Тэрчым» бзуапІэ кьыдитакьым икІи абы сыт щыгъуи гугъу дыдоджэгу.

«Спартак-Налшыкым» сыхэкІыныгъэм мурад сиІэкьым, ауэ, зэрыфщІэщи, футболым узыпэмыплъа Іуэхугъуэ куэд къыщыкьуэкІ щыІэщ. Пшэдэй къэхьунтэр зыми ищІэркъым. Псом нэхьыщхьэращи, нобэ дыкьекІуащ, ди «Спартакыр» премьер-лигэм къыхэнащ.

Епсэльар
ХЬЭЩІКЬУЕЙ Олег.

ЗэпэщІэтыныгъэ щыІакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Тэрч» (Грозный) - 1:1 (0:1). Щэжьугъуэм и 28-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Цыху 700 еплъащ.

Судьяр Смирнов (Кисловодск).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Аз., Алчагиров (Борей, 55), Собльр, Плиев (Кхъуэныхь, 46), Кіыщ, Зрум, Балэ (Митришев, 80), Михайлов, Овчинников (Михеев, 63), Кьэжэр, Гъубк.

«Тэрч»: Годзюр, Сухарев, Бухиев, Солтаев, Дашаев, Уциев Риз., Диниев (Сальмурзаев, 86), Идрисов, Джунидов, Исламов (Адаев, 78), Кадыров.

Топхэр дагъэкІащ: Уциев, 42 - 0:1. Кьэжэр, 70 - 1:1 (пенальтикІэ).

Дагъуэ хуащІащ Исламовым, Мизайловым, Кьэжэрым, Уциевым, Гъубжым.

Зэхьэзэхуэр ику ит джэгукІэ кьаГъэльагъуэу езыхьэкІа «Спартак-Налшыкымрэ» «Тэрчымрэ» я щІалэгъуалэ гупхэр щэбэт кІуам Прохладнэ щызэІущІащ. Турнир таблицэм и епщІанэ увыпІэм щыт налшыкдзэсхэмрэ абыхэм кьакІэльыкІуэ хьэщІэхэмрэ зыщІэбэныщІыхьэ щыІэтэхьым - дэтэхэнэми гъэ джэгуГъуэр и кІэм нигъэсу арат.

Ар занщІэу гурыІуэгъуэ хьуащ зэІущІэм и щІэдзэкІэмкІэ. Зэхьэрхуэрэгъуэхэм я зэжуаку зэпэщІэ тыныгъэшхуэ дэмылъу джэгуР екІуэкІырт. Гупхэм кьызэрагъэпэщ ебгъэрыкІуэныгъэхэр щынагъуэнщагъэт, нэхьыбэм и кьежьапІэм щыужьыхьыжырт.

Джэгум жьыдкэрагъ кьыщыхьыхьар яп Іыхьэм и кІэух дакьикьэхэрщ. Гроснэдзэхэр гупышхуэу ипэкІэ кІуатэ хьуат. Хуэму зэрыджэгум набдзэгубдзаплъагъэр зыбфІыгъэкІуэда налшыкдзэсхэм хьэщІэхэр яІэщІигъэкІащ икІи Уциевым и командэр яп ежащ.

ЕтІуанэ Іыхьэрэ япэм кьызэрыщІхьэщыкІыщхьэ щыІэтэхьым. Ди щІалэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ закьуэтІакьуэхэр «Тэрчым» и гъащхьэхьэумэхэм кьагъэувыІэрэ е езыхьэм топыр тремэму зэІепахыьфыртэкьым.

ЗэІущІэм и 70-нэ дакьикьэм «Спартак-Налшыкым» и насып кІикІащ. ПсынщІэу гъуэм хуэкІуэ Къэжэрым топыр кьытрамыхьыфу гъущ. хьэхьэумэхэм яраудащ - пенальти. Ар Іэзэу езы Назир игъэзэщІащ икІи бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыжащ.

ЩыІэ бжьыгъэкІэ зэдэарэзыкІуэ кьынэжа зэманыр къуэхэр «Тэрчым» и гъащхьэхьэумэхэм кьагъэувыІэрэ е езыхьэм топыр тремэму зэІепахыьфыртэкьым.

ЗэІущІэм и 70-нэ дакьикьэм «Спартак-Налшыкым» и насып кІикІащ. ПсынщІэу гъуэм хуэкІуэ Къэжэрым топыр кьытрамыхьыфу гъущ. хьэхьэумэхэм яраудащ - пенальти. Ар Іэзэу езы Назир игъэзэщІащ икІи бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыжащ.

ЩыІэ бжьыгъэкІэ зэдэарэзыкІуэ кьынэжа зэманыр командэхэм и кІэм нагъэсащ.

ЩІалэгъуалэ зэпэуэм и дыщэ медалхэр кьыхьысащ «Зенит»-м. Абы кьыкІэльыкІуэ «Спартак»-мрэ «Сатурн»-мрэ. «Ростов»-мрэ «Кубань»-мрэ я щІалэгъуалэ командхэм турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэр яІыгъащ.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхудощІ адрейхэр зэрызэдэджэгуам кьыкІуахэм: ЦСКА - «Сатурн» - 2:1, «Химки» - «Локомотив» - 1:6, «Москва» - «Динамо» - 1:5, «Кубань» - «Рубин» - 1:2, «Зенит» - «Спартак» - 1:0, «Ростов» - «Амкар» - 2:3, «Крылья Советов» - «Томь» - 5:0.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЩІалэгъуалэ зэпэуэм и кІэух таблицэ

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	Фі.	Т.	О.
1. «Зенит»	**30**	**21**	**5**	**4**	**62-29**	**68**
2. «Спартак»	**30**	**19**	**5**	**6**	**82-37**	**62**
3. «Сатурн»	**30**	**19**	**2**	**9**	**63-31**	**59**
4. «Локомотив»	30	17	6	7	56-30	57
5. «Рубин»	30	16	6	8	55-33	54
6. «Динамо»	30	15	7	8	51-34	52
7. «Москва»	30	14	6	10	61-51	48
8. «Крылья Советов»	30	14	3	13	46-45	45
9. «Амкар»	30	14	3	13	48-50	45
10. «Спартак Налшык»	**30**	**12**	**4**	**14**	**35-45**	**40**
11. «Тэрч»	30	11	5	14	43-51	38
12. ЦСКА	30	11	2	17	55-59	35
13. «Томь»	30	7	8	15	25-45	29
14. «Химки»	30	7	4	19	25-72	25
15. «Ростов»	**30**	**3**	**5**	**22**	**27-72**	**14**
16. «Кубань»	**30**	**3**	**3**	**24**	**24-72**	**12**

АдэфІыр унагъуэ узыншэм и щапхъэщ

КъБР-м Сабий творчествэмкІэ и унэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Адэфыр унагъуэ узыншэм и щапхъэщ» зэпеуэм и кІэух Іыхьэр.

КъАЛЭ ХЭМРЭ районхэмрэ щыІэ ЦІыхубз хэм я зэгухьэныгъэхэм кьыхаха адэфІхэм я унагъуэхэр зэхуэсым кьриухьэлІат. Мыпху зэрэ Іуэху дахэр Къэбэрдейм япэу кьыщыІэрагъэпэщауэ аращ икІи ар я фІыщІэщ ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м Хьыбарегъащ Іэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э министерствэм, Сабий творчествэмкІэ унэм.

ЗэІущІэр кьыщэІуихащ КъБР-м хьыбарегъащ Іэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министр **Пащты Борис.**

- ЦІыхухэу зыщхьэщыжьыт унагъуэм и Іуэхур тынщхьым. Абы унагъуэмрэ ныбжьмрэ теухуауэ и жэуапІныгъэр кьэІэтыным хуэгъэпсэ зэІущІэр кьыщыгъэзэщынкІэ зи жэрдэм Шорэ Раисэ Іуэху дахэ и иублащ. Апхуэдэ зэпеуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ унагъуэм адэм щиІэ пщІэр кьЭІэтыным, щІэблэ узынщэ кьихьэуным, сабийр гъэса щыхуным, нэгъуэщІхэмкІи. Псом хуэмыдэу щалэгъуалэм фІыкІэ дащогуГъ. Дыхуейт мы жер дэмыру мыужьхьажьну.

Адэкіэ псалъэ иратащ КъБР-м и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шорэ Раисэ**. Ар екъуэхьуащ зэпеуэм кьыхэжаныкІа, нэхьыфІу кьалъыта адэхэм. Апхуэдэуи псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ зэІущІэр кьыдэзгъэпэщыным-кІэ къадэІэпыкъуэ псоми.

Зэхьэзэхуэм кьыхэжаныкІахэм я щІэ-унэщІэхэр кьраІащ. Абыхэм ящыщщ быниблым я адэ **Катели Сергей** (Прохладнэ районым щыІэ ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкІыу), **Плотников Виктор** (бынитІ зиІэр, Прохладнэ къалэ), **Гребенев Василий** (бынищ зиІэр, Майскэ район), **Араахъэ Хьэжмурат** (бынитІу зиІэр, Лэскэн районым), **Тэрчокьуэ Хьэсэн** (бынитх у зиІэр, Тэрч район), **Бищо Анатолэ** (бынитхэ зиІэр, Тэрч район), **Чаттаев Мусэ** (быниплІ зиІэр, Шэрэдж район), **Бещтокьуэ Хьэмидбий** (быниплІ зиІэр, Бахьсэн район), **Урысмамбэт Хьэсэнбий** (бынитху зиІэр, Шэджэм район), **Уназкокъуэ Тимур** (бынищ зиІэр, Налшык кьалэ), **Рахаев Сагит** (бын 11 зиІэр, Хьэсэнэй), **Кулиев Хьэсэнбий** (бынитІ зиІэр, Іуащхьэмахуэ район), **Абазэ Хьусен** (быниплІ зиІэр, Бахьсэн кьалэ). Абыхэм я унагъуэхэр, я бынхэр я гъусэу зэІущІэм зыкъраГъэхьэлІат.

«Адэфыр унагъуэ узыншэм и щапхъэщ» фІэщыгъэщІэм щІэту екІуэкІа зэІущІэм кьыкьэжаныкІахэм саугъэтхэрэр щытхъу тхьылъэмкІэ яхуэгъэгсащ.

Зэпеуэр яГъэдэхащ КъБР-м щыхь зиІэ и артист Зеущэ Іуэес, «Кавказым и пшэплъхэр», «Асса» ансамблхэм, Соблир Дианэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Тхыгъэри сурэтри **ТАБЫЩ Динарэ ейщ.**

Зэпеуэм кьыхэжаныкІахэм ящыщ Бещтокьуэ Хьэмидбий, и щхьэгъуэ Ленэ, и ныбжьмрэ и кьуэрылъху цыкІумрэ и гъ усэу.

● Гу зытъытапхъэ

Хэхныгъэм ирагъэблагъэ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Абхъаз Республикэм къэралым и Президентыр щыхьанущ. Ар Урысеймрэ нэгъуэщІ къэрал зыбжанэмрэ Абхъазыр хамэ унафэ зэрыщІэмыгъэ кьалъыта иужь екІуэкІыну япэ хэхныгъэхэщ. А кьулыкъым щІобэн цІыхуи 5.

Шэч хальхьам я Іуэхум Абхъазым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм, ауэ ар апхуэдэуи егъэщІыпІащ Кавказ Ищхьэрэм и щІынальэхэм щыпсэу куэдми. Адыгейм, Ставрополь краим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыху 5000-м щІигъу щопсэу, гражданствэ 2 яІэу - Урысей Федерацэми Абхъазми я щІыхуу кьалъытэу. Ахэри хэтынущ хэхныгъэхэм.

Абы папщІэ дыгъэгъазэм и 2-м Черкесск кьалэм и мэрием и унэм хэхьпІэ кьыщыгъэІуахьынущ. Ставрополь краим, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэу Абхъазым и щыхуэ и паспорт зиІэ псори абы ираГъэблагъэ хэхныгъэ Іуэхухэм жьыджэру хэтыну.

Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщызэрагъэпэщащ икІи щоладжьэ Абхъаз Республикэм и Президентыр хэхныгъэмкІэ штаб. Штабым и унафэщІщ «Южный» телевизэм комбинатым и Іэтащхьэ Пэт Валентинэ.

Абхъаз Республикэм и Президентыр хэхныгъэмкІэ штабыр абхъаз паспорт зиІэ цІыхухэм йолъэІу унэщІэхэр яГъэтэмэмкІи папщІэ телефонкІэ зыпащІэну. **Штабым и хэщапІэр: Черкесск кьалэ, Комсомольскэ уэрам, 34, телефоныр: 8-87822-6-34-84.**

Дзэ къулыкъур - контракткІэ

Дзэм контракткІэ къулыкъу щащІэн папщІэ Налшык кьалэм и дзэ комиссариатым кьыхэх зи ныбжьыр илъэс 20-м щыщІэдзауэ илъэс 40-м нэс цІыхуу запасым щыІэжэр.

Абыхэм лэжьапщІэу иратынущ сом мин 25-рэ, нэхъыбэ.

Дзэ къулыкъур контракткІэ езыхьэкІыну, апхуэдэу дзэ еджапІэм щІэтІысхьэну ежьэрэм Налшык кьалэм и комиссариатым зыхуаГъэзэ хъунущ мы адресымкІэ: **Краснармейскэ уэрам, 26, пэш 24. Телефоныр: 44-10-83.**

Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм гущІыхьэ ящыхьауэ хьыбар фагъащІэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым и директор, филолософие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Абдокьуэ Станислав Іэмин и къуэр** дунейм зэрехьыжакІэ ікІи абы и унагъуэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуэгъэзащ.

Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, КъБР-м и ТхахІуэхэм я зэгухьэныгъэм, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, «Адыгэ псалъэ» гъэсагъэм, «Эльбрус» тхыль тедзапІэм гущІыхьэ ящыхьауэ хьыбар фагъащІэ Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэщхьэуж Раисэ Хьалиф и пхъур** дунейм зэрехьыжакІэ ікІи абы и унагъуэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуэгъэзащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щиридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъучіо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ЭХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуэн - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапхэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм я зэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынар и щІэ дальщ КъБР-м федералыр щІэ зэщыпІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Щиридий Маринэ, корректорхэу Щодджэн Нинэ (1,2-нэ нат.), Цей Заирэ (3,4-нэ нат.). Компьютерхэм зэхэтым и тепльэр ящІащ: Ныр Сандэ, Мэзбахьуэ Анжелэ, суратыщІ Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм зэщІэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.014●Заказ №3813